


Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан



Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 50 (7190) 11 декабрь Рузман 2015 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ


12 декабрь - РФялъул Конституциялъул къо

## РФялъул аслияб праздник



I2 декабралда гIадат хIисабалда нилъеца кIодо гьабула Россиялъул Федерациялъул Конституциялъул къо. I993 соналъул I2 декабралда Россиялъул Президентасул указалдалъун тIолабго халкъалъ гьаркьалги кьун чIезабуна гьеб, I994 соналда Президентасул указалдалъун гьеб къо лъазабуна пачалихъияб праздниклъун.

СССРалда I977 соналде щвезегIан 5 декабралда кIодо гьабулаан I936 соналда къабул гьабураб Конституциялъул къо. Хадуб праздник босана 7 октябралде, СССРалъул цIияб Конституция къабул гьабураб къо хIисабалда.

Гьединго 2004 соналъул 24 декабралда Госдумаялъ къабул гьабураб цIияб РФялъул Трудовияб кодексалда рекъон I2 декабрь рикIкIана Россиялъул Федерациялъул Конституциялъул къолъун.

Жакъа ракI-ракIалъ баркула районалъул гIадамазда щивасул гарантлъун кколеб Россиялъул Конституциялъул къо, гьарула щивасе сахлъи, рохел, талихI!

**ГIиса НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

Спорт - гIолилазул нух

## ХIаракатал гIолилал куцаялъе



«Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов гьал къоязда щвана Рихьуни росулъ бугеб спортивиябгун культурияб комплексалде. Гьевгун сапаралда рукIана социалияв суалазда хур-хун зам. М. ХIасанова, районалъул культураялъул управлениялъул нач. ХI. МухIамадов.

Гьеб ккола гIемер рахъал жанире рачунеб комплекс, буго волейболалъул, гим-настикаялъул, баскет-болалъул, гугариялъул за-лал, бассейн, душалъулал кабинаби ва парная. Жакъа къоялдаги гьениб киналго ралел бакIазул хIалтIи лъугIун гьечIолъиялъ ки-налго нормаби цIунун объект хIалтIизабизе рес гьечIо.

- Нилъер районалда кидаго кIудияб кIвар кьола физкультура ва спорт цебетIезабиялде. ХIажат буго гIолилазулгун лъикIаб бухьен букIинабизе. Гьелъ метерисеб къоялъ церехун иналъе квербакъула,-ян абу-на ГI. НурмухIамадовас. комплексалъул хал гьабулаго. Гьединлъидал жакъаго нилъеца хIисабалде бо-сизе ккола хIаракатал, махщел бугел гIолилал тIатинари. Гьел рахъинаризе ккола социалиябгун эконо-микияб цебетIеялде рай-он бачиналде, общест-венниябгун политикияб гIумроялъулъ гьезул роль борхизабиялъе кинабго гьабизе ккола. Гьеб ишалъе гIоло инвесторал гьоркьоре цIан хIалтIи гьабизе ракIалда буго комплекс лъугIизабиялъе хасаб проектги гьабун,-ян бихьизабуна гьес.

Редакторалъул колонка

## Гьаб кколарищ нилъер бичIчIи гьечIолъи?!

Арал соназдаги районалъул «Ахихъан» газеталъ чанго нухалъ суал борхун букIана Шамильхъала поселок мугIрузда цого-цо бугеб шагьаралъулаб формаялъул поселок букIин хIисабалдеги босун, гIурччин гьабизе ккеялъул, ракь шуричIого букIине ккани рохьил гъутIби чIун гIурччинал полосаби гьаризе ккеялъул, гьеб балез чIарал рохьил гъутIби (тополь, клён, береза) къотIизе гьукъиялъул, чIахIиял рукъзабахъ ругел квартираби



цоцаде рорлъун жагъал гьаризе бегьунгутIиялъул, домазда аскIор сараял ран, сверухълъи, ай поселокалъул гьумер суризабизе бегьунгутIиялъул. Амма цебего гIадин жидеего санагIалъиялъе поселокалъе ккolеб зараралъухъ балагьичIого бокьа-бокьараб гьабулеб буго гьелъул гIадамаз.

Цоги гIелмуялде раккичIого школалъул биологиялъул тIехьалдасанцин лъала рохьил гъутIбуз чанго анцIго метралъ ракьулъе лъим балагьизе кьалбалги риччан гIумро гьабулеблъи. Гьедин бугелъул гьелъ щулаго ккола сверухъ бугеб ракь, гьеб ччукIизе толаро, бацIад гьабула гьава. ГъветI-хер бугелъулха гIадамасе чара гьечIого хIажалъулеб гIурччинаб аптека. Гьал къоязда поселокалъул I7-I8 домазда гьоркьор гIурччинаб полосаялъе тараб бакIалдаса нахъе къотIун бугоан чанго тополь. Гьел 8 этажаялдаса тIаде ун рукIана ва сверухълъи берцин гьабун букIана. Дица I8 домалда гIумро гьабулезда цIехана лъица гьел къотIарал?,-абун. Квартирабахъе канлъи дагь гьабулеб букIун гIадамаз къотIанин бицана гьез.

ГIажаиблъи гьабизе бачIуна; гIадамазда бичIчIи гьечIого батаниги гьелъул жаваб кьолев экологгIаги, архитекторгIаги, поселокалъул бетIергIаги вугелъул районалда, поселокалъе зарал бугеб ишалъухъ гьезда кколеб рагIи щай абулареб? Гьединанго жавабчилъиялде щай ахIуларел домал жагъал гьарулел?

Унеб соналда росаби ва поселок гIурччин гьабиялде гIезегIанго кIвар кьуна районалда. КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялъул хIурматалда гIемерал гъутIби чIана гьенир. РусГидроялъги рохьил гъутIби чIана поселокалъул паркалда. Амма бугеб пайдаялъухъ балагьичIого къотIун ралел ругони чIеялъул пайда щиб?

Цо заманаялъ поселокалъул администрациялъ хIалтIи гьабулеб букIана гьел суалазда хурхун. Амма жакъа гьелги руцIун чIун руго, чIагоял рихьун къотIун ралел рохьил гъутIбиги руго, рекIее бокьухъе хиса-басиял гьарулел квартирабахъги буго. ХIасил кинабдай букIина!?

2007 соналда байбихьараб «Эбелалъул капитал» проект жеги кIиго соналъ хIалтIизе буго. «ТIасияб соналъ гъелъул болжал лъугIулаан. Россиялъул 6,5 азарго хъизамалъе кьуна гьелда рекъон гIарац. Кьуна гьеб Крымалъул ва Севастополалъул хъизамазеги. Амма дир пикруялда, лъималазул, ай улкаялъул гражданазул кьадар жеги дагь буго. ГьединлъидаЛ, бюджеталъе кигIан захIмалъаниги, проекталъул болжаладе тIаде жеги кIиго сон жубан лъикI букIина»,-ян бихьизабуна В. В. Путиница жиндирго Посланиялда.



# «Единая Россия» - ишалъулаб партия

## ГIадамал тIаде къабул гьаруна



Декабралъул байбихьуда районалъул «Единая Россия» партиялъул бакIалъулаб отделениялъул общественнияб приемниялда тIаде гIадамал къабул гьаруна. Гьенир гIахьаллъана бакIалъулаб «Единая Россия» отделениялъул секретарь ГI. НурмухIамадов, гьелъул МОялъул нухмалъулев Р. РасулхIажиев, РДялъул халкъияб Собраниялъул депутат ХI. ХIасанов, бетIерасул замал ХI-М. ГIамирханов, С. АхIмадов, РДялъул МВДялъул ОВДялъул начальникасул зам. Н. Нажмудинов. Гьеб къоялъ районалъул «Единая россиялъ» тIаде къабул гьаруна 50 цIикIкIун чи.

Аслияб къагIидаялда гIадамазул гIарзал рукIана электроэнергиялда, сетал къачIаялда, тарифазул суалазухъ балагьиялда, лъеда хурхарал захIмалъабазул, нухал къачIаялъул, «Гендерил соглащение» тIубаялъул ва цогидалги. Гьенивго тIаде къабул гьавуна Рихьуни ГЭС баялдалъун ккараб зарал бецIиялъул суалгун «Развитие гражданского общества и справедливость в обществе» ДРОялъул вакил ХI. ХIамзатов. Жеги лъабго росдал гIадамаз борхана гьеб суал.

Щибаб суалалъе чIванкъотIарал жавабал кьуна яги гьорлъе раккизе бихьизабуна «единороссаз». Рихьизаруна гьел тIуразариялъе законалде данде кколел нухалги.

Ахиралда районалъул бетIер ва «Единая Россия» партиялъул МОялъул секретарь ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна «районалъул гIадамазул жидерго жанисел суалазде кIвар кьей колин нилъер щибаб къойилаб хIалтIилъун. Гьеб суал гIатIидго цебе лъуна жакъа нилъеца жавабиял гIадамалги гьорлъе рачун. Гьелъие гIиллаги буго; 14 сон тIубала гIемер кватIичIого «Единая Россия» партия гIуцIаралдаса. Гьединлъидал партиялъулаз партия бижараб къо кIодо гьабизе буго «Единая Россия» - хIакъикъияб ишазул партия»,-абураб ахIиялда гьоркь.

*Приоритетниял проектал-гIумроялде*

## Учреждениязул жигараб гIахьаллъигун

Гьал къоязда МахIачхъала шагьаралда тIобитIана республикаялъул государственниял учреждениязул профсоюзалъул хIалтIухъабазул волейбол хIаялъул IX турнир. Гьеб тIобитIана Дагъистан цебетIеялъе бугеб приоритетниял проектазул рахъ ккеялъул мурадалда.

Гьеб турниралда гIахьаллъи гьабуна РДялъул БетIерасул вакил ГIалибег ГIалиевас, администрациялъул бетIерас ва цогидазги. Гьеб рагьана госучреждениязул, общественнияб хъулухъ гьабиялъул профсоюзалъул хIалтIухъабазул рескомалъул председатель АхIмад АхIмадовас.

Гьалбадеридехун ва турниралъул гIахьалчагIаздехун баркиялъул рагIабиги абулаго гьес абуна: Жакъасеб турнир ккола ДРялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповасул проектазул рахъ ккеялъул, гьел церетIезариялъул мурадалда тIобитIулеб тадбир,-абун. Гьеб турниралда гIахьаллъи гьабуна министерствабаздаса ва ведомствабаздаса, Дагъистаналъул шагьараздаса ва районаздаса 20 ялдаса цIикIкIун командаялъ, гьединго нилъер районалъул командаялъи. Турнир тIобитIана Дагъистаналъул БетIер Р. ГIабдулатIиповас волейбол хIаялъе гьабураб дворалда жаниб.

# ГIурус мацIалъул анкь



ГIурус мацIалъул ва литературая лъул анкьлъун лъазабун букIана араб анкь ГIашилтIа школалда. ЦIалдохъабазулъ творческияб махщел, бажари щулалъизабиялъе, пикро цебетIезабиялъе, гьединго гIурус мацIалде гьезул рокьи бижизабиялъеги кверакъуледухъ гIуцIун букIана гьелъул программа. ЧIалгIунгутIиялъе гьелда гьоркьоре рачун рукIана батIи-батIиял тадбирал. Масала, тадбир рагьи, стенгазетазул конкурс, «Фонетика» абураб рагьараб дарс, XX гIасруялъул кIудияв поэт К. М. Симоновасул 100 сон тIубаялде буссараб гIурус литератураялъул рагьараб дарс, «Существительное общего рода»,-абураб рагьараб дарсги. Гьединго гьоркьобе бачун букIана гIурус мацIалда пасихIго кечI цIали.

# Спорт

# Гугариялъул къецал

**Нижеца цебехун лъазабухъе Унсоколо росулъ цIияб споргалъул залалда тIоритIана районалъул росабазул школазул цIалдохъабазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул къецал.**

Гьел тIоритIулел рукIана Унсоколо росдал администрациялъул бетIер, Россиялъул эркенаб гугариялъул спорталъул мастер, 1996 соналда Иранаалъул тахшагьар Тегераналда дунялалъул гIолилазда гьоркьор тIоритIарал къецазда меседил медаль босарав МухIамадов МухIамад ГIабдулмажидовичасул хIурматалда.

Къецал тIоритIулел рукIана МухIамад живго лъикI лъугьун гурев, я районалъул администрациялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас тIаде босун гуреб, гIицIго Унсоколо росдал спортсменалги, росдал гIолохъабиги цадахъ рекъон. Росдал гIолохъабаз цебеккунго лъикIаб хIадурлъиги гьабун, жеги тIубан къачIан лъугIараб зал гьечIониги, бакI-бакIазда игIланалги чIван, сураталги лъун, гIадамал гIодор чIезе бакIалги хIадурун, халичабиги тIамун, берцинго къачIан букIана гугарулеб бакI.

Къецазде киналго росабалъа гугарухъаби рачIун рукIинчIониги лъикIаб хIадурлъигун гIахьаллъи гьабуна Унсоколо, Генуб, Шамильхъала, ХъахIабросдал, гьединго Балахьуни школазул цIалдохъабаз.

ГIахьаллъана кинавниги 90 гIанисев гугарухъан, 15 батIияб цIайиялда. Жиб-жиб цIайиялъе чIезарун рукIана лъикIал ва хасал призалги. Къецазул аслияб мурад букIана хадубккунги цIалдохъабазда гьоркьоб эркенаб гугариялдехун рокьи бижизаби, гьоркьоб гьудуллъи-гьалмагълъи, гьуинлъи щула гьаби, гьединго чIахIиязул адаб-хатир бугеллъун гьел лъугьинари.

Къецал тIоритIизе, гьел берцинго, хIилла-рекIкI гьечIого нухда рачине гьоболлъухъ ахIун рукIана – къецазул бетIерав судья, МахIачхъала шагьаралда гIумро гьабун вугев, Россиялъул спорталъул мастер, халкъазда гьоркьосеб даражаялъул судья ХIасан ГIабдулбассиров. КIиабилев - Кизилюртаалдаса гьебго даражаялъул судья -Мурад ГIабдулаев, лъабабилевги – Кизилюртаалдаса республикаялъул даражаялъул судья – Мурад АхIмадудинов.

Нилъер районалъул цониги чиги гьоркьов гIахьаллъичIого гьел лъабалго судьяз байбихьудаса ахиралде щвезегIан берцинго, щибго гьоркьоб дагIба-къец ккечIого нухда рачана къецал.

Къецал рагьулаго МухIамадида баркун кIалъазе рахъана: районалъул имам ГьазимухIамад Абакаров, райадминистрациялъул гIолилазулгун спорталъул отделалъул специалист М. МухIамадов, Грециялъул тахшагьар Афиналда 2004 соналда Олимпиадаялда гIарцул медаль босарав МухIамад Ибрагьимов, живго МухIамад МухIамадов. Хадув кIалъазе вахьана районалъул администрациялъул бетIер ГIиса НурмухIамадов.

Къецазухъ балагьизе МухIамадида цадахъ вачIун вукIана Бекьилъ росулъа ГКУ «Дагъавтодоралъул» нухмалъулев Шамил ГIалиевги.

КIалъазе рахъараз загьир гьабуна гьединал къецаз, данделъабаз гIун бачIунеб гIелалъе битIараб тарбия кьолилан. Гьединго загьи лъугIун дагьабги лъикIаб даражаялда къецал тIоритIизе хIаракат бахъизе букIин загьир гьабуна росдал гIолохъабаз.

Къецазухъ балагьизе рачIараз зал занкIун цIун букIана. Гьел лъугIун хадуб бергьаразе ва цересел бакIал ккуразе призал кьезе рахъана спорталъул ветераналъ, тIаде рачIарал ва гьалбал, гIолилал ва гьанжесел спортсменал, цо-цо идарабазул нухмалъулелги.

Спортсменазе чIезарун рукIана лъикIал гIарцулал сайгъатал.

I бакI – 5000 гъурущ, грамотаби ва медалал.

II бакI – 3000 гъурущ.

III-IV – бакIазе 2000 гъурущ.

Гьединго судьябазеги кьуна гIарцулал сайгъатал. АбичIого гIоларо нилъер ва Дагъистаналъул телевидениялъул хIалтIухъабазги гьабуна гьениб лъикIаб гIахьаллъи.

Къецал берцинго, дагIба-къец ккечIого цогидазе мисалияб куцалда, тIадегIанаб даражаялда ана.

*Подписка - 2016*

# «Ахихъаналъе» подписка гьабизин

Киса-кибего Россиялдаго гIадин гьаб соналъул 1 сентябралдаса нахъе подписка рагьана нилъер районалъул «Ахихъан» газеталъеги. Районги, вижараб росуги хириязе, гIагараб ракь бокьулезе бокьизе ккола районалъул газетаги. ГьединлъидаЛ кIочон тоге нилъеде бищунго гIагараб районалъул газета хъвазе. Гьеб хъвазе бегьула районалъул почтамталда, росабазул отделениязда ва районалъул газеталъул редакциялдасанги. Подпискаялъул багьа лъагIалиего почтамталдасан ккола 284 64 коп., редакциялдасан 100 гъур.

Районалъул газета ккола гьелъул гIумру бихьизабулеб матIу. Гьелдасан нужеда лъазе бегьула республикаялда, районалда бугеб ахIвал-хIал, батIи-батIиял хабарал, политикияв, экономикияв ва социалияв рахъалда ккелел хиса-басиял, гIолеги гIоларелги рахъал, церетIурал гIадамазул, махщел камилал специалистазул хIалбихьиял, ишал, малъа-хъваял, диниял гIалимзабазул вагIза-насихIат, халкъияб медицинаялъул малъа-хъваял, яшав лъикIлъизабиялъе ресал ва цогидаби.

ХIурматиял учреждениял организациязул нухмалъулел, росабазул администрациязул бутIрул! Районалъул «Ахихъан» газеталъул редколлегиялъ хъул гьабулеб буго, нужеде, нужер коллективазда, росабалъ районалъул газета хъвазе кумек гьабун, гьелъул тираж дагьабги цIикIкIинабиялда. Хасго бюджеталдасан гьеб ишалъе гIарац биччалел росабазул бутIруз исана гьеб рахъалде кIвар кьелин божилъи гьабизе бокьун буго.

**РЕДКОЛЛЕГИЯ.**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 50 (7190)*
*11 декабрь 2015 сон*



***Хаслихъе армиялда хъулухъ гьабизе Дагъистаналдаса битIана 225 гIолиласдаса гIуцIараб тIоцебесеб къокъа. Гьез тIадаб налъи тIубазабизе буго Бакъбаккулаб рагъулаб округалда: Алтаялда, Новосибирскиялда, Хабаровскиялда, Владивостокалда ва Сахалиналда.***



Наркомания

# Гьекъолдухъанищ яги наркоманищ?

Латин мацIалдаса буссинабуни наркомания абураб рагIул магIна ккола херлъи абураб. Гьеб ккола техническиябги органическиябги рахъалъ гIадамазул лугбал риххизарулеб жо. Чанго нухалъ хIалтIизабиялъ гьев гьелдехун вухьаравлъун лъугьуна. Гьединлъидалин гьеб «тIокIалъ хIалтIизабиларо»,-ян абуларев чиясул захIмалъилъунги кколеб. Эйрофия ва гIадаллъиялде сверараб рохел, хадуб кинабалиго тIаса-масаголъи, ургъел гьечIолъи



ва нур свараб чIаголъи. Гьеле наркоманиялъул «тIокIлъи».

Гьанже наркомания хIалтIизабулеб буго гьекъел теялъе гIоло,-абун. Амма гьеб гьекъолдиялдаса гIемерго квешаб ва черхалъе зарালияб буго. Цо-цо пачалихъазда наркотикал хIалтIизаризегIан гьекъел биччазецин хIукмо гьабулеб буго. Гьениб наркомания кьварараб хъаравуллъиялде гьоркье босулебги буго. Ва рикIкIунеб буго гьелъ тIубанго нация лъугIизабизехъин бугин. ХIакъикъаталдаги кверал сородулаго кIудияб очередалда чIун гьекъезе жо балагьулев гьекъолдухъанасги, вакъва-кIасарав, нур сварав ва гIакъло гьечIолъиялде гьетIарав наркоманасги улка ккелин кколаро.

*Редакциялде - кагътал*

# *Баркала - ракI-ракIалъулаб!*

Ахирияб заманалда электрикалъул кварал басра лъун, ток сун кIудияб къварилъи букIана Шамильхъала поселокалъул «Сказка» ясли-ахикь. ХIинкъи букIана гьениб цIа ккеялда. Гьелъ ракI гIодобе биччан чIезе кIолеб букIинчIо дидаги, цогидал хIалтIухъабаздаги. Бугеб хIал бицун, кумек гьарун ана поселокалъул бетIер Расул ХIусейновасухъе, райэлектросеталъул нухмалъулев ГIабдула ГIабдулаевасухъе. Гьез заман бахъичIого кварал хисиялъе хехал хIалтIаби гьаризе нухал ралагьана. Къокъабго болжалалда хисана кварал, гьаруна чара гьечIел ремонталъулал хIалтIаби.

Ясли-ахикь бугеб ахIвал-хIалалъе бичIчIун къимат кьурал ва гIунгутIаби лъугIизаризе кинабго гьабурал Р. ХIусейновасе, ГI. ГIабдулаевасе гьединго хIалтIухъаби Ханума Батировалъе, ГIабдула ГIабасовасе, Камильбег Ибрагьимовасе, ХI. ХIусейновасе, ясли-ахикье хьвадулеб лъимадул эмен Шамхал ХанмухIамадовасе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе бокьун буго дие жакъа. Гьез тIаса босана лъималазе бугеб хIинкъиги, парахалъи бачIана нижер ракIазеги.

Сахлъи, талихI ва битIккей кьеги, нужее
Щибаб къоялъ цебе босулеб галулъ,
Биччанте щивасул анищал тIегьан
Гвангъараб букIине, нуж хьвадулеб нух!
Биччанте гIумроялъ цадахъ букIине
Бечелъи, ракI тIегьай, ишазулъ битI ккей,
Рохел-талихI гуреб къварилъиялда
Нух къосине биччай, нужер къавулъе!

**ПатIимат ТIАГЬИРОВА.**
**Шамильхъала поселокалъул**
**«Сказка» ясли-ахалъул зав.**

# Баркала - хириял медикал!

Гьал къоязда бетIерги гIинги унтун дун вегизе ккана Шамильхъалаялда бугеб районазда гьоркьосеб больницаялъул неврологиялъул отделениялда. Гьелъие нухмалъи гьабулеб буго гIезегIанго соназул хIалтIул хIалбихьи бугей врач СалихIат ХIамзаовалъ.

Гьеб отделениялда хIалтIулев вуго районги республикаги бахун къватIивги машгьурав, жиндирго ишалъул унго-унгояв устар, хIалбихьи бугев тохтур, гIадамазул сахлъи цIуниялъул ишалъе гIемерал санал кьурав Камилов Камил. Больницаялда вегилалда цеве дида гIемер рагIун букIана Камилил хIакъалъулъ бицунеб, диагноз лъезеги, унтарасе дару гьабизеги гьесул бугеб бергьун кIудияб махщалил хIакъалъулъ. Кинабго ритIухълъана дие гьеб отделениялда вегизе ккараб мехалда. Гьев вугоан бергьун кIудияб махщалил тохтур, унтаразе ракI унтараб хъулухъги даруги гьабула гьес. Унтаразе чIезабун букIуна кинабго: дарабиги, хинаб квенги, рацIа-ракъалъиги, тIалаб-агьазги. Отделениялда регун рукIана Бекьилъаса, Шамил, Хьаргаби районаздаса, МахIачхъала шагьаралдасацин унтарал. Гьездехун Камилил букIана тIалаб-агьазалъулаб бербалагьи.

Бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала кьезе ниж сах гьарурав К. Камиловасе, неврологиялъул отделениялъул медсестраби М. Дибирчуевалъе, Х. Гьаруновалъе, П. МухIамадовалъе ва больницаялъул тIолабго коллективалъе.

КIудияб баркала, нужее, нижер хириял медикал, нужер хIалтIи бигьаяб гьечIо, нужеда бараб буго унтаразул къисмат.

**Унтаразул цIаралдасан хъвана**
**М. ГIАЛИЕВАС.**

*НекIсияб тарих*

# Иргьани ханлъиялъул къиса

## (Дица мун нахъеги цIалулеб буго, цIадул мацIаз хъвараб, хъулбузул тарих)

### ЦО-ЦО ТУХУМАЗУЛ РАЧIАРАБ БАКI

ЧIегIер ХIожол тухумго букIана гIумро халатал гIадамал. I25 сон баралги гIадамал рукIана гьезул. Гьезул, гьаридалазул, маххулазул кьалбал руго Кубачиялдасан. ЧIегIер ХIожол гIагарлъиги ккола гьел. Гьел руго цого гIадамал. Ахириял лъугьа-бахъиназ гьел жиндасаго ратIа гьари захIмалъун букIана ХIожое.

Гьес лъиениги квешлъи гьабулароан. ТIаде вачIарасеги гьабун газа, хъицIи, хъандиро, бел кьолаан, гьел кьолаан садакъаялъеги. Гьесда аскIов СалтIа колотIа гIолев вукIана вас ХIожол ХIожо. Инсуца гьевги ругьун гьавулев вукIана махх бииналъул ва гьелъул алатал гьариялъул гIелмуялъе. Гьарун гьел ричулаан Авар тIалъиялда, камулароан гуржиялъе, Бакуялде, Персиялде, Ираналде унелги. Гьениса ХIожоца бачIун букIана «ГIабдусамад» микьиралъул пурчIун. Гьебги бекьун лъабго гектаргIан бакIалда гьес гьабун букIана мокьрол ах.

Дагь-дагьккун ХIожоца махх бииналъул иш гьитIинав ХIожодеги КъебедмухIамадидеги рехана, живго машгьурлъана ах гIезабиялде ва лъел канал бахъиялде. Гьедин натI гIеблъи ва 2 км. халалъи бугеб канал бахъула гьес СалтIе. Гьанже гьенире ва ХинлъимитIе рахъун рукIана риххизарурал росабалъа гIезегIан гIадамал. Гьезги кумек гьабулаан канал бахъиялъе ва ХIожода сверухъе руссунаан гьел. Хадуб цойги канал гьабуна СалтIа бакIалъул майданалдаса ХинлъимитIе щвезегIан. КIиабилеб канал унаан ХIожол ахикьа бахъараб СалтIа магъил бакьулъан. ХIожоца вичаризе анщинахъе мокьрол пурчIун бачIунаан Ираналдаса, Тебризалдаса гIорцIмил гьагьал цIун. Гьес гьеб бикьулаан салтIисезе, хинлъимитIасезе, рихьундерие, зерендерие. КIудияб садакъаялъул чи вукIун вуго гьев. Гьедин гIурул рагIалда ругел росабалъ тIибитIун ана «ГIабдулсамад» мокьрол баракатал ахал. Лъел рахъазул кумекалдалъун беричго гIун рукIана гьел (нилъер заманалъги I40 сорт букIана Дагъистаналда мокьрол, гIицIго «ГIабдулсамад» хутIизегIан рацIине ккола ан).

ХIожол багIараб ганчIида гьорль махх гуребги пахь, хъахIаб металл рез ва цогидабги букIиндал, батIа гьабун гьез гьеб бакI-бакIазде бичулаан. Гьединго бичулаан микьирги. Гьеб бичун босулаан Кумухалда, Кубачиялда, ГьоцIалъ ва цогидалги бакIазда. Гьедин ГьоцIалъе вачIарав ХIожол ХIожол лъай-хъай ккола ХIамзат-бегилгун, гьесул гIагарлъиялъулгун. Гьедин тIоцебе Кавказалъул рагъул махI гIолохъанав ХIожода ГьоцIалъан чIвала ва ХIамзатилгун лъай-хъвай ккей гьесие кIудияб рохеллъун букIана. Гьес ХIожода бицана гIурусал Дагъисталде рачIиналъул, гьелгун рагъизе ккезе бегьиялъул ва гIемераб ярагъ хIадуризе хIажат букIиналъул. Бицана Генуса ГъазимухIамадил ва Шамилил хIакъалъулъги.

Рокъове щвейгун киналъулго херав инсудаги бицун ХIожоца гьеб дандбана КъебедмухIамадида. Гьев ХIожода ватула Колоб магъил ахада жиндиего кули балев. Гьеб бугоан маххул къебелъиялъеги санагIат бугеб бакI. Гьез кIиязго дандги бан хIукмо гьабула тункIал гьаризе лъазабизе Кубачиялде ине. Гьенире ун чанго къо балелде гьезда дагьа-макъабго дарги мацIги лъалаан. Гьал ругьун гьарулев херав кубачиясул суалал гIемер рукIунаан, гьазул гIумроялда хурхун.

МоцI гIанисеб заман бана гьаз Кубачиялда. Херас гьазда бицунаан жидер ракьалда тIухьи гьечIин, гьеб балагьизе Дагъистанго сверизе ккол ин. ТIухьидул бакIалда гулби пахьул, розол ва хъахIмаххул тIезеги бегьулилан бицана гьезда херав кубачияс. Гьес бихьизабун течIого гIолохъаби сабруялда тIамулаан тункIал, гулби жидецаго гьаризе. Херас малъулаан хIалтIи бищунго гьитIиналдасан гьабизе ккол ин, хадуб кубачияс гьел тIамула жинцаго 25 соналъ цебе гьабураб туманкI биххизе ва цIидасан дандбазе. Гьезда бичIчIана туманкI хвалчен-ханжар гIадин гьабизе бигьаяб гьечIолъи ва тIадеги къоял разе ккана гьаз Кубачиялда. Дандбана, биххана ва гьелъул частал релъинарун гьаруна жидецаго.

Цо къоялъ херав кубачияс къебелъиялъул мокърукьаса бахъун бачIана цо чIор, бихьизабуна гьаб бугин хIараялъул жаниса размер (калибр), тIокIалъ кIудияб гьаб букIине бегьуларин, кIодолъани туманкIалъ рикIкIаде речIчIуларин ва гIемераб хер хвезабулин. Херас доб чIоралда тIад кьурана цойги чIор, бакьулъ розол чIорги лъуна, цоцада регьана тIад буравги бан. Херас бицунеб букIана тIаде бараб жо хъиру ганчIил хIур бугин, маххуда рез рекIине ккани гьеб чара гьечIеб жо бугин. Доб мокърукьаса бахъараб чIоралда тIад резги рекIинабун тIаде хъиру ганчIил хIурги бан, цо-цо квартIаги кIутIулаго хIадурулеб тIагIел цIадуда тIад бежулеб букIана ва регьарал бакIазда болтал ралел рукIана. Гьал ралагьун хутIун рукIана херасул бажариялда, беразда цебе бижун бачIунеб гьайбатаб тIагIелалда. Гьедин туманкIалъул хIара цо къоялъ гьабуна. Нахъисеб къоялъ гьазул цояв къебедас чарх бачине тIамуна, цогидав хIара чархида ккун тIерен гьабизе тIамула. Жинцаго багIаризабун, лъелъ ччун, лъадарана ва кIутIун квартIагун доб чIор нахъеги бахъун, цебесеб къоялъ гьелдаса бахъараб мушка гьелда рекIинабуна. Цинги гIолохъабазул кьабун кверги бачун жиндир нужеда малъизе жо лъугIанин, хутIараб нужецаго гьабизе кколин абуна.

ХIожол ХIожоца рокъоса бачIараб жадул хъаба цебе бахъула, херас абуни гьал бакъулъ столги лъураб рокъоре рачуна, гIолохъабазухъе лълъарал кьола ва жиндиргоялъубе чIагIаги тIун абула: -Нилъ руго жакъа къоялдаса нахъе гьудулзаби, щиб къваригIаниги нуж жиндихъе рачIине ккола,-абун. Хадубги гьес абула: -Ярагъ гьаби къадруяб иш буго, амма тушманасде гурони гьеб кьвагьизе ккогеги,-абун. Херасулгун къо-лъикIги гьабун гьал тIад руссуна.

**(Хадусеб бук1ине буго)**

# Милъирщо

## Щиб жо кколеб террор?

Терроризм – гьеб ккола гьоркьоса къотIичIого террор хIалтIизабиялъ гIуцIараб политика. Гьеб букIана дунял бижаралдаса нахъего. Терроризм бижана власть бахъиялъе, кквеялъе ва лъугьана гьеб ишалъе кьучI лъеялъул мурадалда зулму-хIалалъулгун рахIму гьечIолъиялъул идеологиялъун. Жидерго политикиял мурадал тIураялъе гIоло киналго балъгоял терроралъулал обществабаз хIалтIизабулеб букIана террор. Гьелдалъун мурадалде щолелги рукIана гьел.




«Терроризм» ва «террор» абурал рагIабазул магIна ккола латын мацIалда хIинкъи, (ужас),- абураб. XVII гIасруялда терроризм рикIкIана радикалиялгун политикиял хIаракатчагIаз варварскияб къагIидаялъ, ай дагьалго гIадамаз кодоб ярагъги ккун сверухълъи жидеего яги тIалъиялъе пайдаялъе пасалъиялдалъун мутIигI гьарилъун.

XX гIасруялдаги терроризмалъул къагIидаби гIемерго церетIуна. КIиабилеб ВатIанияб рагъдаса хадуб терроралъул теория жеги батIияб къагIидаялъ цебетIуна. Гьелъул кверщаликье ккана гIадатиял, ай хIукуматалде данде чIараллъун рикIкIунел гIадамал.

Гьебго заманалда дунялалъулго террористазул организацияз Западалдаги Востокалдаги гIемерал пасалъаби гьаруна. Гьез жидерго къасдазе кумекалъе хIалтIизабулеб буго радикалияб ислам, цоцаде гьусун цоцалъ разарулел руго исламалъул течениял. Жакъасел террористазул гIаданлъиялдаса рахъарал гIассилъабаз бихьизабулеб буго терроризмалъ киналго гIорхъаби рахунел рукIин.

## Спайс ва дур гIумро



ГIемерисел улкабазда спайс рикIкIуна черхалда кутакаб асар гьабулеб наркотиклъун. Гьеб гьабулеб чIахI-херги рикIкIуна синтетическияб каннабиноидлъун ва гьелъул качествалда тIад лъицаниги хъаравуллъи гьабулеб гьечIо. ГьабсагIаталда къойидаса къойиде цIикIкIунел руго гьелъ отравить гьарурал гIадамал хасго гIолеб гIел. КIочене бегьуларо спайсалъ отравить гьаруразул унта-щокълъи бачIинахъего хроническияблъун лъугьунеблъи, щайгурелъул щибго хиса-баси гьечIогоги рукIун гьеб замазаманалдасан тIад буссун бачIуна.

Спайсалъ отравить гьаруни, байбихьуда ракI хисула, лагIдезарула. Хадуб байбихьула хIинкъи, гьелдаса хадуб хал кквезе захIматаб ахIвал-хIалалде сверула. Бала цIорораб гIетI, кьабула ракI, бахуна артериальнияб давление, гьумералда раккула багIарал тIанкIал. Гьел лъугьуна жанисел бидурихьал тIе-тIезариялъ, берзукь бакI чIегIерлъула, бетIер унтула, лъавудаса ине бегьула, щукIдул рукIкIуна.

Гьелдаса хадубги спайс хIалтIизабуни гIадал нахул клеткаби хвезе лъугьуна, голлюцинация, нервабазул низам хвей лъугьуна. Гьеб стадиялда ахIвал-хIал рукIалиде ккезабизе кIоларо ва мун сверула овощалде.

Воре дуца хIалтIизабуге спайс ва цогидабги наркотик. Гьелъ дур гIумро чIвала!

## Меседилаб хаслихълъи

**Щибал тарихиял къоязда ва лъагIалил заманазда хурхун цIалдохъабазе тадбирал ва гьез хъвалеб сочинениязул конкурс тIобитIула Рихьуни гьоркьохъеб школалда. Гьеб тIобитIана араб «Меседилаб хаслихълъиялда» хурхунги. Гьел къецазда бергьарал цIалдохъабазул чанго сочинение кьолеб буго нижеца жакъа «Милъирщоялъул» гьумералда.**

### Къо-мех лъикI, хаслихълъи

ТIаде щвана меседилаб хаслихълъи, ниж абуни жеги аваданго, берцинго ретIа-къан школалде хьвадулел руго.

Хаслихълъи дица рикIкIуна бищунго берцинаб лъагIалил заманлъун, щайгурелъул ракIаризе бегьула пихъалги, овощалги, хIадуризе бегьула хасалиде. ГъутIбузда тIамхал тIогьиллъулел руго, гьел берцинго гIодоре гьенолел руго. Гьеб заманаялъ чиясул рекIелъеги батIияб бигьалъи рештIуна, гьев тIадагьлъула, тIабигIаталъ мехтизавула.

Ракьалда тIасан боржунеб буго тIеренаб гьури, хIанчIаз нижер росдалгун къо-лъикI гьабулеб буго.

Кьижила тIабигIат, хIатта гьитIинаб лъаргицин. Къо-мех лъикI, бокьулеб хаслихълъи, меседилаб ва бечедаб тIабигIаталъул цо бутIа.

**А. ГЬАРУНОВА**

### Меседилаб хаслихълъи

Дие цIакъ бокьула меседилаб хаслихълъи, гьеб берцинаб замана бокьулаан гIурусазул шагIирзаби А. С. Пушкиние, А. А. Фетие, Ф. И. Тютчевасе ва цогидазеги. Гьелъги батила хаслихълъи гьезул сариназулъ гIажаибаблъун, кIочонареблъун бихьизабулеб бугеб.

ХIалтIи цIакъ гIемераб букIуна хаслихъе, амма тIабигIаталъул гьайбатлъи: кибго тIогьилаб кьер, гъутIбузда бихьула барщараб гени-гIеч, чIахIияб сорталъул тIогьилаб хурма, кигIан гIемераб цIулакьо гъутIбуздаса гIодобе бортулеб. Дида цIулакьодул гьотIода кIанцIолеб гвангвацин бихьана жакъа. Унго гьеб букIараб берцинаб, тамахаб ва тIогьилаб кьер бугеб.

Хаслихълъиялъ росун рачIунел накIкIаздасаги, гьородасаги дида пашманлъизе бачIунаро, гьебги гурищ тIабигIат Аллагьас киназего кьураб?

Эбел-инсуе кумек хIажалъани, дица гьез бецараб хер бакIарула, хуриса цIоросаролъ данде гьабула, амма гьираялда ракIарула жеги чIаго хутIарал тIугьдул, кьер-кьерал тIамхал, гьезул гербарий гьабула школалде босизе.

Риччанте хIанчIи хинал улкабазде роржине, гьел цIидасан тIад руссина ва нахъойги нилъее киназего кучIдул ахIила.

**С. АХIМАДОВА.**

### Хаслихълъи – бокьулеб заман

ХIикматаб буго хаслихълъи: чан берцинал тIамхал нилъеда гъутIбузда рихьулел, чан хIалтIи авлахъазда, ахакь-хурзабахъ гIадамаз гьабулеб, чан барщараб пихъ гъутIбуздаса гIадамаз бетIулеб?. ХIатта гьуригицин квачараб жеги бачIинчIо, гьелъ шуршузарулел руго тIугьдулги, хурдулги, гъутIбузда гIаркьалабазда рижарал тIамхалги.

ГIицIго хIанчIазда гурхIун буго ракI, гьезие захIмалъила рикIкIаде роржине, нижгун ратIалъизе. Лъаларо дидаги гьезул хадусеб къисмат.

Дица хаслихълъиялъул къоял гIадада риччаларо. ЦIалуда цадахъго кумек гьабула кIодоэбелалъе ва эбелалъе хасалоялде цIамул лъелъе овощал разе, бакIарула пихъ, щола ахикье кьер-кьерал тIамхазул юргъан тIад бараб ракьалдасан. КватIичIого тIаде гIазу бан, гьоркье ккела гьел ва хасалил хъахIаб шаршавалъ бахчизабила ракь.

**М. МУХIАМАДГIАЛИЕВА.**

## Дагьабго гьими

ГьитIинав Русланида бусадаса тIаде вахъине кIолеб букIинчIо. ХIинкъарай эбелалъ тIаде врач ахIула. Гьес абула кинабго лъикI буго; температура гьечIо, гIарз гьечIо…

-Дида лъала щай Руслан тIаде вахъунев гьечIевали,-ян абула кIудияв вацас. Щайгурелъул гьес кIиябго хIетIе цо гIагинибе бегьун, ретIун буго тIажу.

* * *

ТIоцебесеб январалъ эбел-инсуца телефоналдасан васасухъе ахIула:

-Дир вас, кин цIияб соналда дандчIвай гьабураб?

ЛъикIго гьелъул магIнаги бичIчIичIого васас абула: «-Дун гьелда дандчIвачIо, гьеб дихъе жибго бачIана».

* * *

Школалдаса тIад вуссуна Руслан, гьес инсухъе дневник кьола. Инсуца цIалула: гIурус мацI – 2, математика – 2, физика – 2, пение-5.

-БетIергьан Аллагь, гьав гIабдалас кечIги ахIулеб буго,-ян абула инсуца.

* * *

Дие жакъа школалда битI ккана,-ян абуна Русланица вацасда.

-Кин?

- Учительницаялъе бокьун букIана дун бокIнилъ чIезавизе, амма киналго бокIнал рахъун чIараз цIун рукIана.

* * *

-Руслан, щай мун жакъа школалда вукIинчIев?,-ян гьикъана эбелалъ.

- Дица учительницаялъе сайгъат гьабуна.
- Кинаб сайгъат?

-Гьелъул жакъа гьаюраб къо букIана, гьедин дица хIалхьи тана.

* * *

-Русланида гьикъула
- Щиб дуца къаде кванидаса хадуб гьабизе бугеб?
-Къасисеб квеналъухъ валагьун чIезе вуго.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор
Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
с. Унцукуль
ул. Мустафаева 28

Телефон редактора
55-63-07
sadovoduns@yandex.ru

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 10.12.15 г. 16,15
фактически -17.10 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1500 экз.